



Nou ofri sèvis 24/24, 7/7.

Ale sou entènèt:

Vizite **nyc.gov/BusinessToolbox**.
Klike sou Aplike pou jwenn espikasyon
pou soumèt aplikasyon lisans ou an
sou anliy.

OSWA

Eskane Kòd QR:



Lis Verifikasyon Aplikasyon pou Lisans Vandè Sigarèt Elektwonik an Detay

PINGA OU SOUMÈT APLIKASYON SA A SI BIZNIS OU AN SE OSWA GENYEN YON FAMASI LADAN LI.

Lalwa Nouyòk entèdi famasi ak biznis ki gen famasi ladan yo jwenn lisans pou vann sigarèt elektwonik.

*****ENPÒTAN: Limit Distri Kominotè yo*****

Limit distri kominotè yo pou lisans machann sigarèt elektwonik yo te antre an vigè. 26 avril 2018. Pou yon lis limit distri kominotè yo ak kantite lisans aktif yo nan chak distri kominotè, vizite NYC Open Data nan opendata.cityofnewyork.us epi chèche "machann sigarèt elektwonik".

Ou kapab soumèt aplikasyon sa a sèlman si:

*(Gade kle a pou * ak † sou Paj 2.)*

- Si lisans yo disponib nan distri kominotè ou an.*
- Yon biznis ki gen yon lisans pou vann sigarèt elektwonik vann, yon moun akeri 10% oswa plis nan aksyon sosyete a, oswa gen yon chanjman nan patenarya a. Ou menm (nouvo biznis la) kapab aplike pou yon nouvo lisans nan menm biwo a depi gen yon lisans ki aktif epi "an règ" nan adrès la EPI *ou aplike pou ou gen yon nouvo lisans nan 30 jou vant lan oswa chanjman an fin fèt.*†
- Bizinis ou an nan kèk ayewopò oswa pak ki pa nan limit distri kominotè yo.†
- Ou gen yon lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay nan kyòs jounal ki nan zòn ou an epi ou ta renmen kenbe toulede lisans yo sou menm non biznis la.†



- Ou genyen yon lisans Kyòs Journal ki te transfere apre lanmò oswa apre andikap moun ki te posede lisans la anvan an epi ou ta renmen pou lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay nan zòn lan sou non w. Lisans machann sigarèt elektwonik ki deja egziste a dwe an règ.[†]

Lejann:	
*	Lè lisans yo disponib, DCWP ap fè yon lotri. Ale sou nyc.gov/dcwp pou ka jwenn enfòmasyon, tankou pwosesis pou aplike pou yon lotri.
†	Si w reponn ak youn nan limit sa yo, ou dwe soumèt Sètifika Limit Vandè Sigarèt Elektwonik an Detay ansanm ak dokiman jistifikatif. Ale nan seksyon Egzijans yo pou ou jwenn plis detay.

Remak: DCWP pap bay yon lisans pou opere nan okenn kote rezidansyèl.

Konsilte nyc.gov/dcwp pou jwenn mizajou sou limit distri kominotè yo.

Kiyès ki dwe gen yon lisans pou vann sigarèt elektwonik?

Ou dwe gen yon lisans pou vann sigarèt elektwonik an detay sigarèt elektwonik dirèkteman bay konsomatè yo.

Yon sigarèt elektwonik se yon aparèy ki mache ak pil epi ki bay vapè pou respire lè li chofo likid, jèl, zèb oswa lòt sibstans, kit li gen nikotin oswa non. Nenpòt pati konpozan, tankou yon katouch oswa yon ranpli, konsidere kòm yon sigarèt elektwonik.

Deskripsyon sa a se sèlman yon eksplikasyon jeneral sou ki moun ki dwe gen yon lisans Vandè Sigarèt Elektwonik.

Egzijans pou jwenn Lisans

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè yo (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) ap rejte demann ou an si ou pa bay dokiman ak enfòmasyon yo egziye yo:

- ☐ **Aplikasyon Debaz pou Lisans**
- ☐ **Nimewo Idantifikasyon Pou Taks sou Lavant OSA Nimeyo Konfimasyon Aplikasyon**
Pou ou ka aplike pou yon Sètifika Otorizasyon nan objektif pou jwenn Taks sou Lavant yo, ale sou www.businessexpress.ny.gov.



☐ **Sètifikasyon Eksepsyon Bouchon Vandè Sigarèt Elektwonik ak Dokiman Sipò, si sa aplikab**

Fòm lan enimerere dokiman jistifikatif yo mande pou gwo limit yo. Ou kapab voye dokiman jistifikatif yo pa imèl bay: onlineappsdocs@dcwp.nyc.gov.

Remak: Si w te aplike pou yon lotri epi ou te resevwa yon òf pou aplike, ou pa bezwen soumèt fòm sa a.

☐ **Sètifika Enskripsyon Machann Pwodui Vapè Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York la**

Pou plis enfòmasyon sou Sètifika Enskripsyon Konsesyonè Pwodui Vapè, vizite www.tax.ny.gov/bus/vpt.

☐ **Prèy Adrès Biznis**

Soumèt yon kopi YOUN nan dokiman ki pi ba yo nan non biznis la oswa yon moun non li nan aplikasyon pou lisans lan:

- Bòdwo, ki te fèt nan dènye 90 jou ki sot pase yo (egzanp telefòn, gaz, kouran, kab entènèt, oswa dlo) OSWA
 - Lokasyon oswa ak pwopriyete OSWA
 - Papyè lwaye oswa ipotèk ajou OSWA
 - Dokiman asirans oswa bòdwo asirans ki montre adrès biznis ou OSWA
 - Korespondans soti nan men nenpòt ajans gouvènman ki montre adrès biznis ou OSWA
 - Lisans oswa pèmi ki valid oswa yon sètifika yon ajans gouvènman a nan vil/eta/federal ki montre adrès biznis ou OSWA
 - Kat bankè oswa kat kredi, ki date nan 90 dènye jou yo
- *Tanpri efase enfòmasyon kont lan.**



☐ **Prèk Adrès Kay la**

Chak moun non yo parèt nan aplikasyon pou lisans lan dwe bay yon kopi YOUN nan dokiman ki pi ba yo ak non chak moun:

- Bòdwo, ki te fèt nan dènye 90 jou ki sot pase yo (egzanp telefòn, gaz, kouran, kab entènèt, oswa dlo) OSWA
- Korespondan nenpòt ajans gouvènman an bay ki montre adrès kay ou OSWA
- Lokasyon oswa ak pwopriyete OSWA
- Dokiman asirans oswa bòdwo asirans ki montre adrès kay ou OSWA
- Lisans oswa pèmi ki valid oswa yon sètifika yon ajans gouvènman vil/eta/federal lan bay ki gen adrès kay biznis ou OSWA
- Korespondans inivèsite oswa lekòl ki montre adrès kay ou OSWA
- Papyè lwaye oswa ipotèk ajou OSWA
- Lisans chofè OSWA
- Kat Idantite Minisipal OSWA
- Kat bankè oswa kat kredi, ki date nan 90 dènye jou yo
Tanpri efase enfòmasyon kont lan.

Pou yon moun ki ap viv lakay yon lòt moun, l ap bay:

- YON Prèk Adrès Kay (gade pi wo a) ak non moun ki fè lwaye an oswa non mèt kay la AK
- Yon lèt mèt kay la oswa lokatè an siyen ki di moun sa rete lakay li nan adrès sila a

☐ **Otorite pou Aji – Atestasyon**

Obligatwa si yon lòt moun olye moun ki fè demann lisans lan dwe prepare epi soumèt aplikasyon sa a. Aplikan an dwe siyen aplikasyon lisans lan ansanm ak tout lòt fòm ki gen rapò yo.



☐ **Frè pou Lisans**

Peryòd Lisans: 2 Lane	Dat Ekspirasyon: 30 Novanm	Frè pou Lisans: \$200 ou 2 ane konplè	
Si ou depoze aplikasyon ou an Ant dat sa yo:		W ap Peye:	Lisans Ou an ap ekspire:
Soti 1ye desanm pou rive 31 desanm nan yon ane dwòl		\$200	30 novanm nan ane enpè
Soti 1ye janvyè pou rive 31 me nan yon ane pè		\$200	30 novanm nan ane enpè
Soti 1ye jen pou rive 30 novanm nan yon ane pè		\$150	30 novanm nan ane enpè
Soti 1ye desanm pou rive 31 desanm nan yon ane pè		\$200	30 novanm nan ane pè
Soti 1ye janvyè pou rive 31 me nan yon ane dwòl		\$200	30 novanm nan ane pè
Soti 1ye jen pou rive 30 novanm nan yon ane dwòl		\$150	30 novanm nan ane pè

Peye pa mwayen:

- ☐ Kat Kredi (Visa, MasterCard, American Express, Discover Card sèlman).
(*sou entènèt oswa an pèsòn*)
Yo pral fè w peye yon ki pa ranbousab 2% Frè konvenyans.
- ☐ Chèk elektwonik (*sou entènèt*)
- ☐ Chèk oswa manda postal (money order) bay DCWP (*an pèsòn oswa pa lapòs*)

Mesaj Enpòtan sou Sètifika Biznis

Ou dwe gen yon Sètifika Biznis ki aplikab ki baze sou estrikti legal biznis ou an. Menm si DCWP pa egzije w soumèt yon Sètifika Biznis nan objektif pou kontinye pwosesis aplikasyon w lan, DCWP ka mande w dokiman sila a dapre Seksyon 20-104 nan Règleman Administratif Vil New York la.

Pwopriyetè endepandan ki ap fonksyone ak yon non ki diferan ak pa w la dwe gen yon Sètifika Biznis/Non Komèsyal.

Patenarya yo dwe gen yon Sètifika Patenarya epi, si sa aplikab, yon Sètifika Non Komèsyal pou biznis ou an.



Sosyete yo, Sosyete Non Kolektif yo, Konpayi Ak Responsabilite Limite yo, Patenarya Ak Responsabilite Limite yo dwe anrejistre epi rete aktif nan Depatman Antrepriz Eta New York (New York State Division of Corporations). Ou kapab tcheke estati w nan www.dos.ny.gov/corps.

Lòt Pèmi/Lisans/Otorizasyon Ou ta Kapab bezwen nan Vil lan oswa Eta a

Ou dwe gen yon *Vandè Pwodwi Tabak an Detay* lisans pou vann sigarèt ak lòt pwodui tabak, tankou siga, tabak pou moulen, tabak pou pip, tabak pou woule, snus, bidi, snuff, shisha, oswa pwodui tabak ki ka fonn.

Ou gen kesyon? Nou la pou ede ou!

- Imèl: TobaccoUnit@dcwp.nyc.gov
- Telefòn: (212) 436-0406 (Lendi - Vandredi, 8 a.m. – 4 p.m.)

Sèvis Entèpretasyon Gratis Anliy yo disponib sou plas. Pou fè yon demann akomodasyon ki gen pou wè ak andikap, ale sou nyc.gov/dcwp epi chèche "akomodasyon" oswa voye yon imèl bay Kowòdinatè Lwa pou Ameriken ki Andikape yo pou DCWP (Americans with Disabilities Act, ADA) a nan DCWPADACoordinator@dcwp.nyc.gov.

Lòt resous pou machann sigarèt elektwonik yo

- Pou konnen lwa ak règ ki kapab ajè sou biznis ou an, vizite nyc.gov/BusinessToolbox.
- Pou Lis Verifikasyon Enspeksyon: Machann an detay sigarèt elektwonik, vizite nyc.gov/BusinessToolbox.
- Pou jwenn enfòmasyon ki pou ede biznis ou an louvri, fonksyone, ak grandi, vizite nyc.gov/business.